

**Lè kal penti gen plon  
ladan yo, yo vin tounen  
pwazon an pousyè**

**Dapre w, ki kote pousyè a ale?**



**Gen 5 fason byen senp pou pwoteje pitit ou**

## Plon ka bay pwoblèm pou aprann

**P**lon se yon pwazon ke yo jwenn souvan nan ansyen penti. Lè penti ki gen plon ladann tounen pousyè, se li menm ki vin tounen pwazon tou leplisouvan. Li danjere sitou pou timoun piti.



Plon ka bay pwoblèm pou aprann ak pwoblèm nan konpòtman.

**P**ousyè plon ki soti nan penti k ap dekale ka ateri sou arebò fenèt, sou planche, epi sou jwèt. Lè timoun ap jwe atè epi y al mete men yo ak jwèt yo nan bouch yo, yo ka vale pousyè plon.

**P**afwa pwodwi alimantè ak epis, medikaman, kaswòl ak asyèt an ajil, pwodwi kosmetik, ak jwèt ki soti nan lòt peyi konn gen plon ladan yo.

**T**waka timoun ki pran nan pwazon plon pa sanble ke yo malad ni yo pa santi ke yo malad nonplis. Se yon tè san sèlman ki ka fè w konnen si pitit ou a pran nan pwazon plon.

## Gen 5 fason pou pwoteje pitit ou kont pwazon plon

- 1** Depi w wè penti k ap dekalè, avize mèt kay la. Si mèt kay la pa ranje l, rele 311 pou pote plent.
- 2** Fè doktè w sonje pou l fè tès pou pitit ou lè l gen 1 an e 2 zan pou konnen si l pa pran nan pwazon plon. Mande doktè a pou w konnen si timoun ki pi gran yo ta dwe fè menm tès an tou.
- 3** Toujou lave planche, arebò fenèt, men, jwèt ak sison regilyèman.
- 4** Pa itilize pwodwi alimantè, ni epis, ni medikaman, ni kaswòl ak asyèt an ajil, ni pwodwi kosmetik, ni jwèt ki soti nan lòt peyi. Yo ka gen plon ladan yo tou.
- 5** Itilize dlo tiyo ki frèt pou ka prepare fòmil pou tibebe, pou ka bwè epi pou ka fè manje. (Kite dlo a koule dabò pandan yon ti moman.)





**Mèt kay yo fèt pou yo ranje penti  
k ap dekale. Se sa lalwa mande.**

Rele 311 pou plis enfòmasyon.



Depatman pou Lasante ak Ijyèn Mantal nan vil Nouyòk  
Michael R. Bloomberg, Majistra  
Thomas R. Frieden, M.D., M.P.H., Komisyonè

